*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЪУДУЛЛЪИ

№93
(9640 )

2014 соналъул
*8 декабрь*

*ИТНИ*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

## 12 ДЕКАБРЬ - КОНСТИТУЦИЯЛЪУЛ КЪО!

1993 декабралдаса нахъе щибаб санайил 12 декабралда тIолабго Россиялдаго гIадин дагъистаниязги ва гьездаго цадахъ нилъер районалъул гIадамазги кIудияб рохалида кIодо гьабула пачалихъияб байрам-Россиялъул Федерациялъул Конституциялъул Къо.

Гьаб соналда жиндир 21 сон тIубай нилъеца кIодо гьабулеб бугеб Россиялъул Федерациялъул Конституция 1993 соналда къабул гьаби лъугьана Россиялъул пачалихъалъул тарихалъулъ кIудияб политикияб лъугьа-бахъинлъун. Гьелдалъун нилъеца тIолабго дуниялалдаго рагIинабуна Россия букIин демократическиял принципазда гIумру гьабулеб ва цебетIолеб пачалихъ.

Конституция къабул гьабуралдаса нахъе тараб 21 сонида дандчIварал гIемерал захIмалъабазде балагьичIого Россиялъ ракIчIарал галаби церехун росана демократия щула гьабиялдеги политическиялгун экономическиял реформаби гIумруялде рахъинариялдеги, инсанасул ихтиялгун эркенлъи цIуниялдеги, правовияб пачалихъалъул ва гражданскияб обществоялъул кьучI щула гьабиялдеги.

Россиялъул Президент В. В. Путинил нухмалъиялда гъоркь ракIчIараб къагIидаялда бильанхъизабулеб политикияб нухдаса унаго обществоялда кколел ругел лъикIал хиса-басияз Россиялъе квербакъулеб буго ва шартIал гIуцIулел руго социалияб цебетIеялъул, гучаб экономика гIуцIиялъул ва Россиялъул рухIияб борхалъи цIи гьабиялъул нухдаса церехун иналъе.

Нилъ ва тIолабго улкаго чIухIараб буго гьеб 21 сонида жаниб халкъазда гъоркьоб нилъер пачалихъалъул борхун бугеб къадру-къиматалдасаги бокьаразул ахIиялъе мустахIикъаб жаваб кьезе кIоледухъ цIилъун ва щулалъун бугеб рагъулаб къуваталдасаги.

Нилъ чIухIарал руго гьеб кинабгоялъулъ, улкаялда цере чIун ругел чIахIиял масъалаби тIуразариялъулъ, ай Дагъистаналъулги, батIаго ахирал соназда, гьелдаго цадахъ нилъер районалъулги мустахIикъаб бутIа букIиналъе. Гьелъие нугIлъи гьабула, масала, социалиябгун экономическияб цебетIеялъулъ 2013 соналъул хIасилазда рекъон гьал къоязда районалъе кьураб республикаялъул ХIурматияб грамотаялъги. Гьеб буго, хирияв районцоял, нужер ракIбацIцIадаб захIматалъул хIасил. Гьединаб хIал буго, гIамаб къагIидаялда Дагъистаналдагоги.

Районалъул тIолалго гражданазда ва районалъул ракьалда ругел аскариязда, ракI-ракIалъго баркула Россиялъул Федерациялъул Конституциялъул Къо! Гьарула киназего щулияб сахлъи, рекъел, лъикIаб, талихIаб, гIаданлдъи цIунараб Дагъистаналъеги ва нилъер гучаб ВатIан Россиялъеги гIоло киналго лъикIалщинал ва ракIбацIцIадал ишазулъ бергьенлъаби.

**Районалъул бетIер**
**М. ПАТХIУЛАЕВ.**

## АРСАНАЛИ МУРТАЗАГIАЛИЕВАСУЛ ПРИЗАЛЪЕ ГIОЛО ГУГАРИЯЛЪУЛ КЪЕЦАЛ ТIОРИТIАНА




6-7 декабралъ Микрорайоналда ДЮСШялъул спортзалалда жаниб тIобитIана 1997-2000 абилел соназ гьарурал гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ нилъер районцояв, Дагъистан Республикаялъул физкультураялъулгун спорталъул вукIарав министр, жиндир мунагьал чураяв Арсанали (База) Салгереевич МуртазагIалиев ракIалде щвеялъул рагьараб районалъул чемпионат.

Гьелъул гIатIидаб материал кьезе буго хадусеб номералда.

**РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН**
**МУНИЦИПАЛЬНЫЙ РАЙОН «БОТЛИХСКИЙ РАЙОН»**
СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА
индекс: 368970 Республика Дагестан Ботлихский район с. Ботлих тел.: 2-20-45

# ПРОТОКОЛ

***публичных слушаний по проекту решения «О принятии проекта новой редакции Устава муниципального района «Ботлихский район»***

**03.12. 2014 г. с. Ботлих**

Место проведения слушаний: зал заседаний администрации МР «Ботлихский район».

Время проведения слушаний: 10 часов 00 минут.
Председательствующий – зам. председателя Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» – Омаров М.О.
Секретарь – Газиев А.Н.

На публичных слушаниях присутствовали - 15 чел.

С докладом выступил зам. председателя Собрания депутатов муниципального района Омаров М.О. Он ознакомил участников слушаний с проектом решения «О принятии проекта новой редакции Устава муниципального района «Ботлихский район», разъяснил порядок его рассмотрения и принятия. Также Омаров М.О. пояснил, что в оргкомитет Собрания депутатов муниципального района по рассмотрению поступивших предложений в проект решения Собрания депутатов предложений не поступило.

Выступили:

1. Магомеддибиров М. М. – нач. ОК и ПР АМР «Ботлихский район» отметил, что Устав муниципального района «Ботлихский район» в новой редакции принимается в целях приведения устава в соответствие с федеральным законодательством, а также в целях приведения в соответствие с Законом Республики Дагестан от 16 сентября 2014 года №67 «О порядке формирования представительных органов муниципальных районов Республики Дагестан и избрания глав муниципальных образований Республики Дагестан». Указанный проект решения принят с учетом внесенных изменений и дополнений в федеральное и республиканское законодательство и с учетом мнения населения.

2. Гамзатов Р. С. – Какие вопросы местного значения относятся к вопросам местного значения поселения, и какие передаются муниципальному району?

К вопросам местного значения поселений относятся 13 вопросов. Законами субъекта Российской Федерации и принятыми в соответствии с ними уставом муниципального района и уставами сельских поселений за сельскими поселениями могут закрепляться также другие вопросы.

3. Азаева П.К. – Каков порядок формирования представительного органа муниципального района, и по каким критериям установлена норма представительства от поселений?

От поселения, число жителей которого не превышает 1000 человек, - 1 депутат, от поселения, число жителей в котором составляет от 1000 до 3000 человек, - не более 2 депутатов, от поселения, число жителей которого превышает 3000 человек, - не более 3 депутатов,

4. Омаров М.О. – отметил, что предложения и замечания участников публичных слушаний носят, рекомендательный характер и предложил проголосовать, чтобы определить мнение присутствующих относительно принятия проекта решения.

Голосовали: «За» - 15;
«Против» - нет;
«Воздержавшиеся» - нет.

Обсудив доклад зам. председателя Собрания депутатов муниципального района и заслушав поступившие предложения, участники публичных слушаний по проекту решения «О принятии проекта новой редакции Устава муниципального района «Ботлихский район» РЕШАЮТ:

1. Единогласно одобрить предложенный проект решения «О принятии проекта новой редакции Устава муниципального района «Ботлихский район».

2. Рекомендовать Собранию депутатов муниципального района «Ботлихский район» принять Устав муниципального района «Ботлихский район» в новой редакции.

**Председатель М. Омаров**
**Секретарь А. Газиев**

---

**03.12. 2014г. с. Ботлих**

## Заключение
***о результатах публичных слушаний***

Публичные слушания назначены: Решением Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» от 11.11.2014 г. №2.
Вопрос публичных слушаний: «О принятии проекта новой редакции Устава муниципального района «Ботлихский район».
Инициаторы публичных слушаний: Собрание депутатов муниципального района «Ботлихский район».
Сведения об опубликовании или обнародовании информации о публичных слушаниях: районная газета «Дружба» от 12.11.2014г. № 78-84.
Публичные слушания по проекту Решения Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» «О принятии проекта новой редакции Устава муниципального района «Ботлихский район» были проведены 03.12.2014 года в 10 ч. 00 м., в зале заседаний администрации муниципального района «Ботлихский район» по адресу: с. Ботлих.

Председательствующий: заместитель председателя Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» М.О. Омаров.

Секретарь – А.Н. Газиев
Количество участников: 15.

Выступило: 3 чел.
В результате обсуждения проекта устава муниципального района «Ботлихский район», единогласно всеми участниками публичных слушаний, принято решение:

1. Одобрить проект Устава муниципального района «Ботлихский район» в новой редакции.
2. Рекомендовать Собранию депутатов муниципального района «Ботлихский район» принять Устав муниципального района «Ботлихский район» в новой редакции.

**Заместитель председателя**
**Собрания депутатов**
**муниципального района**
**«Ботлихский район»**
**М. Омаров**

# ПРОГРАММА

# НИЛЪЕР ГIУМРУЯЛЪУЛ АСЛИЯБ ЗАКОН

Бокъараб обществоялъул гIумруялъулъ бищунго кIвар бугеб бакI ккола Конституциялъ. Гъелда рарал руго, аслияб къагIидаялда, бокъараб пачалихъалъул законодательниялги нормативниялги актал ва гъелъ халкъалъул киналго гъатазе данде кколедухъ рекъон ккезарула общественниял гъоркьорлъаби.

Киназего, хасго чIахIияб гIелалъе баянаб батила нилъер улкаялда къабул гъабуна кинабниги щуго Конституция-1918, 1926, 1937, 1978 соназда ва гъанжесеб-1993 соналда!

Россиялъул Федерациялъул гъеб гъанжесеб Конституция къабул гъабуна 1993 соналъул 12 декабралда, тIолгохалкъалъулаб гъаракь кьеялдалъун ва хIалтIизе байбихьана 1993 соналъул 25 декабралда халкъияб информациялъул алатазда бахъун хадуб.

Конституция къабул гъабураб Къо-12 декабрь нилъер гIемер миллатазулаб улкаялда щибаб санайил кIодо гъабула тIолгохалкъалъулаб байрам хIисабалда.

Гъеб Конституциялда рекъон Россиялъул пачалихъ ккола эркенаб демократическияб обществолъун. Гъелъул аслулъун ккола инсан, гъесул интересал ва ихтиярал, гъединго пачалихъалъул Законалъ цIунулеб ва кинабго рахъалъ хьезабураб гъесул гIумру. Гъеб Конституциялда рекъон, нилъер обществоялда щивав гражданин-инсан ккола улкаялъул экономикиябгун политикияб гIумруялъул къучIлъун. Гъелъ щивав гражданинасе букIинабула личносталъулаб хIаракатчилъиялъе хIажалъулел киналго пачалихъиялгун правовиял ва конституционниял шартIал.

«Инсан, гъесул ихтиярал ва эркенлъи ккола бищунго тIадегIанаб бечелъилъун. Инсанасул ва гражданинасул ихтиярал ва эркенлъи ритIухъ гъари, гъел хвезаругутIи ва цIуни ккола пачалихъалъул налъилъун»,-ян абулеб буго РФялъул Конституциялъул 2 аб. статьялда.

Гъелдаго цадахъ инсанасул эркенлъи, гъесда хъвазе бегьунгутIи ва гъесул хIинкъигьечIолъи цIуни гIадал хасал ихтияразулъе рачун руго гъесул экономикияб эркенлъи ва гражданазул боголъиялъе ва гъезул цолъиял гIуцIиялъе ругел ихтияралги.

КIвар бугеблъун ккола Конституция битIахъегояб къагIидаялда хIалтIулеб букIинги ва инсанасул, гражданазул ихтияразда хурхарал положениябги жибго Конституция хисизабичIого хисизаризе рес гъечIолъиги. Гъединго, гъеб рахъалъ кIвар бугеб ишлъун ккола Россиялъул Федерация Европаялъул Советалде гъорлъе лъугьун букIинги. Щай гурого, инсанасул ихтиярал цIуниялъул рахъалъ жиндирго тIадебоси тIубазабиялъул рахъалъ, халкъазда гъоркьосеб Конвенциялда рекъон, Россия хал кквеялда гъоркь букIунелъул.

1991 соналдатIобитIараб тIолгороссиялъулаб референдумалъ Россиялъул Федерация гъабуна президентасулаб республикалъун. Гъединлъидал, РФялъул Конституциялъул, хасго РФялъул гражданазул экономикиялгун социалиял ихтиярал цIуниялъул гарантлъун ккола ДРялъул Президент.

Россиялъул Федерациялъул Конституциялъул рихьизариял, хасго гражданазул ихтияразда хурхарал, тIуразариялда хадуб къойилаб хъаравуллъи гъабизе Президентасда бажарулареблъи хIакъаб жо буго. Гъединлъидал гражданазул гъел ихтиярал цIуни, гъоркьан тIаде щивав нухмалъулесул пачалихъияб тIадаб ишлъун ккола. Гъелдаса батIияб къагIида ккола рухIиябгун нравственнияб ва патриотикияб гIодобегIанлъилъун.

Конституциялъулал ихтияразда цадахъго руго РФялъул гражданазул тIадал ишалги. Гъел ккола жидерго ракIбацIцIцдаб захIматалъулабгун политикияб ва интеллектуалияб хIаракатчилъиялдалъунги ва ракIбацIцIадго налогал кьеялдалъунги улка цебетIеялъе квербакъи гъаби.

Районалъул тIолалго гIадамаз Конституциялъул къоялде дандчIвай гъабулеб буго Россиялъул Федерациялъул Советалде гъабураб хитIабалъги ва гъал къоязда районалдеги вачIун 2013 соналда экономикиябгун социалияб цебетIеялъулъ бергьенлъиялъе гIоло республикаялъул хIукуматалъул бетIерасул тIоцевесев заместитель ГI. ГI. МухIамадовас къураб республикаялъул ХIурматияб грамотаялъги гъабураб кIудияб асаралъул ахIвал-хIалалда.

**Ш. ЛАБАЗАНОВ.**

## Колонка прокурора

Для размещения в районной газете «Дружба» направляется информация о выявленных фактах хранения и реализации продуктов питания, с истекшим сроком годности в коммерческих магазинах.

За 2014 год Ботлихским Межрайонным Следственным Комитетом возбуждено 11 уголовных дел, по хранению с целью сбыта товаров, не отвечающих требованиям, и являющимися опасными для жизни и здоровья потребителей. Из которых Ботлихским районным судом в 2014 году рассмотрено 7 уголовных дел по ч.1 ст.238 УК РФ, то есть в хранении с целью сбыта товаров, не отвечающих требованиям, и являющимися опасными для жизни и здоровья потребителей. Судом все лица осуждены различным мерам наказания.

**Заместитель прокурора района младший советник юстиции Д.А. Джабраилов**

## ГЪАЗИЯВДИБИРОВ АХIМАДРАСУЛ



Дагъал церегIан къоязда абадиялъего берал къанцана лъикIав инсан, эмен ва гъалмагъ АхIмадрасул Гъазиявдибировас.

Гъев гъавуна 1963 соналда Хелекъури росулъ гъоркьохъеб лъай щвана Болъихъ гъоркьохъеб школалда. Гъоркьоб заманго инчIого гъев ахIула ВатIаналъе тIадаб рагъулаб хъулухъ гъабизе Советияб Армиялде. 1981-1983 соназда ракIбацIцIадго гьеб хъулухъги гъабун тIад вуссарав АхIмадрасул хIалтIизе лъугьуна гIадамазул парахалъи ва хIинкъигьечIолъи цIунулел органазде. Къоло хадур соназ гъенив хIалтIулаго, ракIбацIад ва бер къанщичIого тIуразарулел рукIана жиндирго тIадал ишал. ХIалтIулевги вукIун, тIадегIанаб даражаялда лъугIинабуна Волгоградалъул милициялъулаб академия. Милициялда хIалтIулаго АхIмадрасулида божизабулаан захIматал ва жавабчилъи цIикIкIарал тIадкъаял.

Гъединан правоохранительниял органазда хIалтIулаго гъев мустахIикълъана пачалихъалъул чамго шапакъаталъе…

2011 соналда АхIмадрасул гIагараб росдал гIадамаз вищула районалъул Собраниялъул депутатлъун. Гъевлъунги вукIун, хIаракатаб гIахьаллъи гъабулаан жидерго росдал ва районалъулгоги общественниябгун политикияб гIумруялъулъ.

Лъабгоялдаса хадуб сон букIана гъев районалъул электроснабжениялъулаб предприятиялъул нухмалъулевлъун хIалтIулелдаса. Гъеб ишалде гъев вачIаралдаса нахъе гIемерал дандчIвана токалъул рахъалъ, гIиси-бикьинал гIиллабазе гIоло районалъул гIадамазул рукIунел гIарзал.

Киназего баянаб букIахъе, гъев вукIана жавабчилъиги гIаданлъиги ва хIаракатчилъиги цадахъав унгоунгояв нухмалъулев.

Гъединавлъун хутIила АхIмадрасул гъев лъалелщиназул ракIазулъ. Аллагъасда цевеги гъединавлъун ватаги гъев!

Гъесул хъизан-агълуялъеги имангун цадахъаб сабру кьеги Аллагъас.

**Районалъул Собрание ва райадминистрация.**

Райбольницаялъулги поликлиникаялъулги тIолалго хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъи загьир гъабун зигара балеб буго Булбул ва Бариframeят ГIашикъовазда ва тIолабго гIагарлъиялда гъезул вац ва вацгIал ГIашикъов **МУХIАМАД** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас алжан насиблъун ватаги гъев! ЧIагоязе иман бугеб сабруги кьеги.

Райполиклиникаялъул ва райбольницаялъул хIалтIухъабазулаб коллективаз гъваридаб пашманлъи загьир гъабун зигара балеб буго Сакъидибирова Разиятида ва агълу-хъизамалда гьелъул бетIергьанчи Гъазиявдибиров **АХIМАДРАСУЛ** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Хварав Аллагьас алжан кьун вохизавеги, чIагоязе иман цадахъаб сабру кьейги.


**Газета гIуцIарал:** Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив

**Учредители:** Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

**БетIерав редактор** ГI. ГIумаханов

**Редакторасул заместитель** А. Агъларов

**Жавабияй секретарь** З.ГIумарова

**Отделалъул редакторал** Ш. Лабазанов, П. Дибирова

**ГЪУДУЛЛЪИ**
Тираж 1000

**Мухбирзаби** З.МухIамадова/М.ГIумаханова

**Наборщица** П. Эльдарова

**Фотокорр.** Ш.Муртазалиев

**Дизайнер** А. Назирбекова

**Программист** А. Ибрагьимова

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ. Регист. ПИ № 10 - 4614

Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.

Эл. адрес druzhba555@mail.ru